# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 अक्टुबर 2023** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बस्ती जिला क एक दिन के दौरा पर पहुंचलें। उहां के मण्डलायुक्त सभागार में आयोजित समीक्षा बइठकी में अधिकारी लोगिन के निरदेस दिहलीं कि ऊ लोगि जनप्रतिनिधि लोगिन के साथे नियमित संवाद बनवले रहें अउर सरकार के कल्याणकारी योजनन क फायदा जन–जन ले पहुंचावे बदे कृत संकल्प रहें। श्री योगी बस्ती मण्डल क तीनों जिलन– बस्ती, संतकबीरनगर अउर सिद्धार्थनगर क जनप्रतिनिधि लोगिन के अटल आवासीय विद्यालयन क भ्रमण करे अउर ओइजा के इंतिजामन क जायजा लेवे के कहलें। मुख्यमंत्री अधिकारी लोगिन के भू–माफिया अउर खनन माफिया के खिलाफ कड़ेर कार्रवाइयो करे क निरदेस दिहलें। उहां के मण्डल क अधिकारियन के सम्पूर्ण समाधान दिवस अउर थान्हा दिवस में लोगिन क समेंस्या के गम्भीरता के साथे सुनें अउर ओकर जुरते निपटारो क निरदेस दिहलीं। श्री योगी आर्य समाज नई बाजार बस्ती क स्वर्ण जयंती समारोहो के सम्बोधित कइलें। उहां के येह मौका पर रचितांजलि पुस्तक क बिमोचन कइलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि देस क आजादी क लड़ाई में आर्य समाज क जोगदान के कब्बो भुलाइल नाहीं जा सके ला।

**********

उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु प्रयागराज क कलेक्ट्रेट संगम सभागार में बरिस दुइ हजार पचीस में आयोजित होखे वाले कुंभ क आयोजन के बारे में सज्जो विभागन के साथे समीक्षा बइठकी कइलें। उहां के प्रयागराज क विकास कार्यन के बारे में सम्बन्धित अधिकारी लोगिन के दिसा–निरदेस दिहलीं। बइठकी के बाद प्रेस वार्ता में उहां के बतवलीं कि प्रयागराज–रसूलाबाद घाट क चौड़ीकरण कइल जाई। एकरे खातिर विभाग के कार्ययोजना तइयार करे क निरदेस दिहल गइल हौ। सथहीं, फाफामऊ घाट के अलावा कतहूं जहवां अन्तिम संस्कार होला, ओइजा बदे विस्तृत कार्ययोजनो बनावे क निरदेस दिहल गइल हौ। एकरे अलावे रिंग रोड क पांच किलोमीटर के दायरा में प्लॉटिंग न होखे दीहल गइले क निरदेस दिहल गइल हौ।

**********

वाराणसी जिला जज अजय कृष्ण विश्वेश क अदालति ज्ञानवापी हाता में व्यासजी क तहखाना से जुड़ल मामिला पर अब बिहने आपन फैसिला सुनाई। वादी पक्ष क ओकील सुभाष नंदन चतुर्वेदी बतवलें कि अपरिहार्य कारण से आजु येह मामिला में फैसिला नाहीं आ सकल। एकरे अलावे ज्ञानवापी हाता में जारी एएसआई सर्वे बदे अउरियो चारि हप्ता क समय दीहल गइले के अरजियो पर आजु न्यायालय में सुनवाई भइल। अदालति प्रतिवादी पक्ष के येह पर आपत्ति दाखिल करे बदे बिहने ले क समय दिहले हौ। एएसआई के अबहिन छौ अक्टूबर ले ज्ञानवापी परिसर क सर्वे करे क अनुमति हौ।

**********

बनारस में देव दीपावली महोत्सव सत्ताइस नवम्बर के मनावल जाई। येह दिन्ने कातिक पूर्णिमा के साथे गुरू नानक जयंती क सासकीय अवकासो रही। मण्डलायुक्त कौशल राज शर्मा क अध्यक्षता वाली गंगा महोत्सव समिति सज्जो पक्ष से बातचीत के बाद देव दीपावली के तारीख क घोसणा कइलस। देव दीपावली क आयोजन काशी के सज्जो घाटन पर कइल जाई। कुछु विद्वान लोगि छब्बीस नवम्बर के देव दीपावली बदे उपयुक्त मनले रहलें, जवना के बाद तिथि के ले के असमंजस क हालति बनि गइल। मण्डलायुक्त कौशल राज शर्मा बतवलें कि पछिला कुछु दिनन में देव दीपावली से जुड़ल सज्जो हितधारकन के साथे बइठकी कइ के उनकर पक्ष जानल गइल। येहमन देव दीपावली से जुड़ल समिति, होटल एसोसिएसन, पर्यटन विभाग, संस्कृति विभाग, पुलिस पंचांग क विद्वान लोगि अउर काशी विद्वत परिषद क प्रतिनिधि लोगिन के साथे अउरियो लोगि सामिल रहलें। नमामि गंगे संस्था क संयोजक राजेश शुक्ला देव दीपावली के महातम के बारे में बतवलें–

***ऐसी मान्यता है कि इस दिन देवता काशी के गंगा घाट पर दिवाली मनाने उतरते हैं। गंगा नदी में स्नान करने और दीप दान करने का विशेष महत्व है और इस दिन सह कृतिकाओं का भोजन भी किया जाता है। कार्तिक पूर्णिमा के दिन पवित्र नदी के जल से स्नान कर के दीप दान करना चाहिए। ऐसा कहा जाता है कि देव दीपावली के दिन दीप दान करने से जीवन में सुख–सम्पन्नता बढ़ती है और देवी–देवताओं का आशीर्वाद प्राप्त होता है।***

**********

बनारस में आजु एगो भीसण सड़कि दुरघटना में आठ जने क मउति हो गइल अउर एगो लइका गम्हिराहे चोटा गइल। दुरघटना फूलपुर थान्हा क्षेत्र क करखियांव में एगो कार अउर ट्रक क टक्कर से भइल। पुलिस के हिसाबि से पीलीभीत जिला क थान्हा माधोटांडा क रूद्रपुर निवासी एक्के परिवार क लोगि अस्थि बिसरजन बदे बनारस आइल रहलें। कार में डराइबर के साथे कुलि नौ लोगि सवार रहलें। गाड़ियन क टक्कर एतना जोरदार रहल कि कार सवार नौ जने में से आठ जने क मउति हो गइल। दुरघटना में गम्हिराहे चोटाइल तीनि बरिस के लइका क हालति चिन्ताजनक बनलि हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुरघटना पर गहरा दुख जतवले हवें।

**********